Diinaar boo joxe ci yoonu Yàlla, ak Diinaar boo joxe ci goreel jaam, ak Diinaar boo sarax ab miskiin ak Diinaar boo jox sa njaboot ba ca gën a màggug fay mooy bi nga jox sa njaboot

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "Diinaar boo joxe ci yoonu Yàlla, ak Diinaar boo joxe ci goreel jaam, ak Diinaar boo sarax ab miskiin ak Diinaar boo jox sa njaboot ba ca gën a màggug fay mooy bi nga jox sa njaboot ".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tudd na yenn xeeti joxe yi, daal di wax ne: Diinaar bi nga joxe ci jihaad ci yoonu Yàlla, ak Diinaar bi nga joxe ci goreel ab jaam, ak Diinaar bi nga sarax way-ñàkk ji soxla, ak Diinaar bi nga jox sa njaboot, topp mu xamle ne ba ca gën a màgg ag fay fa Yàlla mooy bi nga jox sa njaboot ak ki nga war a dundal.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5813